

Rekòmandasyon Sou Pratik Pou Kenbe Enfòmasyon Anprive Children's Services Council nan Rejyon Palm Beach, Florida

NÒT SA A DEKRI KIJAN YO KAPAB ITILIZE ENFÒMASYON NAN DOSYE SANTE W EPI PATAJE LI AK KIJAN OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI L AK ATANSYON.

Children's Services Council nan Palm Beach County (CSC) finanse, poukont li oswa ak fon lòt antite, yon sistèm Ajans pou bay Sèvis ki konsantre sou fasilite akouchman ansante, kenbe timoun alabri abi ak neglijan epi pare pou rantre nan jadendanfan pou aprann. CSC ak Ajans Sèvis ki gen kontra ak li yo pataje menm bi ak objektif, yo patisipe nan planifikasyon ak pwosedi pou asire kalite ansanm, epi yo kapab konte youn sou lòt pou yon sistèm swen sante ki konekte epi ki genyen yon sistèm enfòmasyon ki entegre.

CSC finanse Ajans yo pou fè evalyasyon, tès ak bay sèvis. Enfòmasyon yo kolekte sou ou, tankou rezilta tès ak evalyasyon, dosye rekòmandasyon ak sèvis ou konn pran, ansanm ak tout nòt yo ekri, y ap disponib pou CSC pataje ak ajans ki gen kontra pou bay sèvis pou CSC nan sistèm nan. Lè nou pataje enfòmasyon w ak ajans sa yo, yotout kapab evalye kijan sèvis yo bay, si yo byen kowòdone ak si yo satisfè bezwen w pou w jwenn bon kalite sèvis. Anplis CSC kapab evalye enfòmasyon sa yo ansanm ak lòt ajans yo pou chache konnen plizyè sèvis sa yo ede ogmante akouchman ansante, redui abi ak neglijan timoun epi ogmante kantite timoun ki rantre lekòl pare pou aprann.

CSC kapab divilge enfòmasyon osijè yon moun san pèmision l si li gen rezon pou kwè ke yon timoun viktim abi oswa neglijan. Lalwa ak lòd tribinal egzije CSC pou rapòte nenpòt ka abi oswa neglijan li sispèk bay Depatman Timoun ak Lafanmi (Department of Children and Families). Rapò sa yo fèt pou ede fèt pou ede paran jwenn asistans yo bezwen pou kenbe timoun yo ansante ak ansekirite. CSC kapab pataje enfòmasyon sa yo osijè moun nan san pèmision dapre sa lalwa ak lòd tribinal mande, ak/oswa demand tribinal, oswa nan ka ijan kote yon vi andanje. Yo pa p sèvi ak enfòmasyon sa yo pou maketing, vant oswa kòlèk fon. Lòt itilizasyon ak divilgasyon posib sèlman si endividyèl la bay otorizasyon l alekri, **ki ka sou fòm yon kopi papye oswa sou fòm elektwonik**, e ke l ka anile nenpòt lè depi l soumèt yon anilasyon ekri bay Ofisyè CSC ki responsab Enfòmasyon Prive a. Kèlkeswa divilgasyon ki fèt baze sou yon otorizasyon anvan yon anilasyon, anilasyon an pap afekte divilgasyon sa a.

CSC oswa Ajans ki bay Sèvis ki gen kontra ak li yo kapab kontakte w pou ba w rapèl sou randevou ou genyen oswa ba w enfòmasyon sou lòt metòd tretman oswa lòt benefis ak sèvis sou zafè sante ki kapab entere w.

Ou genyen dwa pou yo pwoteje enfòmasyon sou sante w. Men yon deskripsyon anbrèf dwa sa yo:

- Dwa pou mande restriksyon sou sèten itilizasyon ak divilgasyon Enfòmasyon Sante w ki Pwoteje yo, men ni CSC ni Ajans Sèvis yo pa p oblije pou dakò ak demand restriksyon an, amwenke demand nan konsènen itilizasyon ak divilgasyon Enfòmasyon Sante ki Pwoteje bay yon plan sante epi enfòmasyon sa yo konsènen sèlman sèvis swen sante a oswa lòt bagay ke moun nan (oswa yon moun nan non moun nan) peye okonplè.
- Dwa pou resevwa kominikasyon konfidansyèl osijè Enfòmasyon Sante ki Pwoteje yo.
- Dwa pou enspekte epi kopye sèten nan Enfòmasyon Sante ki Pwoteje yo. Men Dwa pou kopye sa a ap oblije moun nan peye pou kopi a, pou poste l, oswa pou materyèl ki nesèsè pou satisfè demand la. Si dosye a sou fòm elektwonik, moun nan genyen dwa jwenn yon kopi elektwonik nan fòm a yo mande a si li deja kapab pwodui, sinon y ap jwenn li sou fòm CSC ak moun nan dakò a (si pa gen yon akò sou fòm a se yon kopi sou papye ki kapab li ke y ap bay).
- Dwa pou chanje Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje yo.

- Dwa pou resevwa yon rapò sou tout Enfòmasyon Sante ki Pwoteje yo divilge yo.
- Dwa pou w jwenn yon kopi alekri nòt sa a nan men CSC si w mande sa.
- Dwa pou yo fè w konnen si genyen nenpòt envasyon ki fèt nan nenpòt Enfòmasyon Sante ki Pwoje w yo ki pa ansekirite.

Pou egzèsè dwa sa yo kontakte Ofisye Zafè Prive CSC a nan adrès CSC ki anba a.

Lalwa rekòmande CSC pou li kenbe Enfòmasyon Sante ki Pwoteje yo prive epi pu bay moun avi sou responsablite legal ak pratik sou zafè prive ki gen rapò ak Enfòmasyon Sante ki Pwoteje epi pou respekte kondisyon ki anefè aktyèlman yo.

CSC genyen dwa pou chanje kondisyon avi l bay la epi pou aplike nouvo kondisyon yo pou tout Enfòmasyon Sante ki Pwoteje ke li kenbe yo. CSC oswa Ajans Sèvis ki gen kontra ak li yo ap fè w jwenn yon avi ki revize a nan pwochen vizit ou oswa ou kapab kopye sou paj entènèt CSC a ki se www.cscpb.org.

Ou kapab depoze yon plent bay Ajans Sèvis , CSC ak/oswa United States Department of Health and Human Services, Office of Civil Rights si ou panse yo vyole dwa w pou zafè prive w. Yo pa p pèsekite w oswa fè revanj sou ou si w depoze yon plent. Pou depoze yon plent, voye yon deskripsyon anbrèf bay:

- Children's Services Council

CSC Direktè Anchèf Kominikasyon
2300 High Ridge Road
Boynton Beach, Florida 33426-8757
Telefòn: 561-740-7000 x2226

OSWA

- Ajans ki bay sèvis la

OSWA

- Department of Health and Human Services, Office of Civil Rights

Region IV Roosevelt Freeman, Regional Manager
Office for Civil Rights, U.S. Department of Health and Human Services
Atlanta Federal Center, Suite 3B70 61 Forsyth Street, S.W.
Atlanta, GA 30303-8909
Telefòn Vokal Phone (404)562-7886
FAKS (404)562-7881; TDD (404)331-2867

Nòt sa a valab apati 23/09/2013

Akize Resepsyon pou Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive
Children's Services Council (CSC) gen dwa pou l modifye pratik konfidansyalite vi prive ki nan avi sa a.

Mwen resevwa yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite Vi Prive a pou mwen li pou tèt mwen oubyen pou pitit mwen ki minè, kit non l make anba la a kit li vin fèt nan entèval yon lane apre mwen siyen fòmilè sa a. Mwen konprann ke si mwen vle kenbe yon kopi dokiman sa a y ap banmwen youn lè mwen mande.

Siyati Patisipan an	Non Patisipan an Ekri an Lèt Majiskil	Dat
---------------------	---------------------------------------	-----

Siyati Patisipan Adisyonèl	Non Patisipan Adisyonèl la Ekri an Lèt Majiskil	Dat
----------------------------	---	-----

Pou timoun minè ki gen mwen ke 18 lane:

Non Timoun lan	Non Timoun lan
----------------	----------------

Non Timoun lan	Non Timoun lan
----------------	----------------

Non Timoun lan	Non Timoun lan
----------------	----------------

Non Timoun lan	Non Timoun lan
----------------	----------------

Non Timoun lan	Non Timoun lan
----------------	----------------

Siyati Paran/Gadyen Legal	Non Paran/Gadyen Legal Ekri an Lèt	Dat
---------------------------	------------------------------------	-----

Dokimantasyon Pou Demach Pou Jwenn Siyati Pou Rekonèt Ke Nou Te Bay
Rekòmandasyon Sou Pratik Pou Kenbe Enfòmasyon Anprive

Demach pou Eseye Jwenn Siyati

Nou te fè demach pou jwenn siyati pou rekonèt ke nou te bay **Rekòmandasyon Sou Pratik Pou Kenbe Enfòmasyon Anprive** nan dat _____. Nou pa t kapab jwenn siyati a akòz:

- Kliyan an te refize siyen
- Reprizantan kliyan an refize siyen
- Kliyan an t ap suiv tretman pou ka ijan
- Lòt Rezon _____

Non Kliyan an: _____

Siyati Estaf la: _____

Non Estaf la: Dat: _____